Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2017 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO AKÒDE 5 MILYON DOLA POU PWOJÈ KONSÈVASYON KALITE DLO NAN NEW YORK SANTRAL

Pwojè yo Pwoteje Vwa Navigag yo epi Sipòte Operasyon Agrikilti yo Atravè Rejyon an

Pwogram nan ap Konplemante Inisyativ "Central NY Rising" lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse ke yo te akòde plis pase 5 milyon dola bay 17 pwojè agrikòl pou konsèvasyon bon kalite dlo nan New York Santral, ke 56 fèm agrikòl ap benefisye. Finansman an ke yo bay Distrik Konsèvasyon Dlo ak Tè Konte a (County Soil and Water Conservation Districts) atravè Pwogram pou Diminye ak Kontwole Sous Sediman Agrikòl (Agricultural Nonpoint Source Abatement and Control Program) ki pa Presizeman Agrikòl. Sa pèmèt agrikiltè yo reponn a pwoblèm kalite dlo yo an priyorite nan basen vèsan yo pandan yap ogmante pwodiktivite ak aktivite ekonomik, ki konplete kwasans ekonomik rejyon an, nan inisyativ "Central New York Rising" nan. Atravè pwogram sa, agrikiltè yo ap pi byen ekipe pou evite polisyon dlo, redwi ewozyon epi limite kantite sediman ki pa bon, ansanm ak lòt detriti ki nan ravin New York yo.

"Lè n envesti epi prezève kalite dlo a, sa enpòtan anpil pou sante ak byennèt Nouyokè atravè eta a, e sibvansyon sa ap benefisye agrikiltè ak rezidan yo menm jan atravè Rejyon Nò New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ak finansman sa, nou franchi yon etap ann avan pou kenbe dlo nan New York pwòp, pwoteje resous natirèl nou yo epi sipòte fòn agrikòl atravè eta a".

Atravè pwogram lan, Distrik Konsèvasyon Dlo ak Tè Konte yo ap aplike pou sibvansyon konpetitif nan non agrikiltè yo. Yo te soumèt yon rekò 125 aplikasyon pou dènye faz finansman sa kap sipòte 50 pwojè nan tout eta a. Aplikan yap finanse yo resevwa sibvansyon pou fè planifikasyon anviwònmantal oubyen pou ka aplike pi bon pratik jesyon tankou sistèm estokaj ak dechè agrikòl, ak sistèm tanpon rivren, konsèvasyon kouvèti kilti ak pratik striktirèl konsèvasyon sòl. Depi pwogram lan te kòmanse an 1994, plis pase 158 milyon dola te distribiye atravè eta a pou edeagrikiltè yo redwi epi anpeche polisyon sous agrikòl yo.

Pwogram pou Diminye ak Kontwole Sous Sediman Agrikòl la finanse nan 300 milyon dola Fon Pwoteksyon Anviwònman an Eta New York (New York State Environmental Protection Fund) la. Pwogram sa administre pa Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York (New York State Department of Agriculture and Markets) ansanm avèk Komite Konsèvasyon Dlo ak Latè Leta New York (New York State Soil and Water Conservation Committee). Li ranfòse kad Jesyon Anviwònman Agrikòl Eta a (Agricultural Environmental Management) yon pi gwo efò kap ede agrikiltè yo reyalize pi bon kalite dlo ak sistèm agrikòl ki pi efikas.

Prezidan Komite Agrikòl Sena a (Senate Agriculture Committee), Senatè Patty Ritchie, te deklare, "Enterè kap grandi nan pwogram sa se yon gran egzanp de angajman solid agrikiltè nou yo pou prezève entegrite vwa navigab nou yo epi garanti anviwònman an. Mwen te defann ogmantasyon finansman sa ak fyète, pou pwogram enpòtan sa, e mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak Delege Ball paske yo rekonèt wòl kle li jwe nan pwoteksyon tè ak dlo, ansanm ak nan ranfòsman sektè prensipal Eta nou an".

Manm Asanble Bill Magee, Prezidan Asanble Eta Komite Agrikilti a (State Assembly Agriculture Committee), te deklare, "Pwogram finansman sa benefik pou fèm agrikòl ak kominote nou yo. Lap ede pwoteje resous dlo presye yo epi pèmèt fèm yo vin pi ekolojik pandan lap sipòte kapasite yo pou pwodwi manje lokal ki fre".

Komisè Richard A. Ball te deklare, "Pwogram sa sipòte solisyon pou pwoblèm kalite dlo yo nan fèm yo atravè New York, kap asire resous natirèl nou yo pwoteje epi sektè agrikòl nou an rete konpetitif. Finansman sa yo, bay agrikiltè nou yo kapasite pou diminye risk polisyon potansyèl yo, epi pou yo vin pi bon jesyonè anviwònma an, pandan yap kontinye pwodwi manje fotifyan, ki fre pou kominote nou yo".

"Gouvènè Cuomo fè Eta New York vin yon lidè nan pwoteksyon kalite dlo, lè l bay envestisman rekò sa yo nan bidjè ane sa pou garanti dlo pwòp pou kominote nou yo ak resous natirèl yo", **Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta a (State Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos, te deklare.** "Finansman sa yo ap ede agrikiltè yo nan travay jounalye yo pou yo itilize meyè pratik jesyon nan fason ki pwoaktif epi asire pwoteksyon vwa navigab eta nou yo".

Prezidan Komite Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Eta New York la (New York State Soil and Water Conservation Committee), Dale Stein, te deklare, "Finansman pou pwojè sa yo ap ede agrikiltè nou yo amelyore jesyon anviwònman yo lè yo mete anplas meyè pratik jesyon ki inovan pou pwoteje vwa navigab nou yo epi diminye ewozyon nan tè nou yo. Gras ak nivo finansman istorik nan Fon Pwoteksyon Anviwònmantal la (Environmental Protection Fund) pou dezyèm ane afile, New York se lidè nan prezèvasyon resous ki pi presye nou yo".

Akselere Central NY Rising

Anons jodi a ap konplemante inisyativ "Central NY Rising" lan, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid epi devlope kominote a. Eta a deja envesti prèske 3 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo

Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè “Central NY Rising” an ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418